Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KAT NOMINASYON NAN KOMITE KÒPORASYON SWEN SANTE NASSAU A

Li nonmen Stuart Rabinowitz kòm Prezidan pou ede dirije NUMC a nan direksyon yon avni ki pi solid
Nouvo estrikti a ogmante responsablite pandan l ap priyorize bon jan kalite swen pasyan

Refòm Gouvènans yo vize amelyorasyon sipèvizyon, estabilite fiskal ak konfyans nan kominote a

Nominasyon yo pote eksperyans lidèchip nan swen sante, finans, lwa ak angajman sivik

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kat nominasyon nan nouvo Konsèy Administrasyon Kòporasyon Swen Sante Nassau (Nassau Health Care Corporation, NHCC) la, ki sipèvize Sant Medikal Inivèsite Nassau (Nassau University Medical Center, NUMC), sèl lopital piblik nan Konte Nassau. Nominasyon yo koresponn ak aplikasyon yon nouvo lwa eta, ki pral antre an vigè 1e jen 2025, ki pral refòme gouvènans NHCC anpil, amelyore sipèvizyon eta a epi trase yon chemen pou ranfòse estabilite finansyè ak operasyonèl NUMC a. Gouvènè Hochul te nonmen tou Stuart Rabinowitz, Esq., yon ansyen Prezidan Inivèsite Hofstra ak yon lidè depi lontan nan edikasyon siperyè ak politik piblik, kòm Prezidan Konsèy la.

"NUMC se yon liy vital pou anpil moun nan Long Island, e jodi a nou ap pran mezi ki te dwe pran depi lontan pou asire li gen lidèchip ak sipèvizyon li bezwen pou l pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo nominasyon sa yo, ak nouvo otorite yo bay eta a ak NIFA a, pral ede asire responsablite, jesyon fiskal responsab ak swen kalite siperyè pou kominote NUMC ap sèvi yo. Stuart Rabinowitz se yon lidè respekte ak vizyonè, e mwen pa ka panse ak yon pi bon moun pou ede dirije pwochen chapit sa a pou NUMC."

Prezidan Konsèy Sant Medikal Inivèsite Nassau a, Stuart Rabinowitz, te deklare, "NUMC se yon enstitisyon sekirite sosyal esansyèl ki te soufri pandan plizyè ane move fonksyònman ak move jesyon. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou konfyans li mete nan mwen, epi mwen anvi travay avèk lòt manm konsèy administrasyon mwen yo

pou retabli konfyans piblik la, aplike refòm ki te dwe fèt depi lontan epi remete lopital sa a sou yon chemen estabilite ak ekselans."

Konsènan Refòm Gouvènans ki pral antre an vigè 1e jen an:

- Konsèy NHCC a, ki gen 11 manm, ap gen ladan l sis nonmen pa Gouvènè a (youn sou rekòmandasyon Prezidan Asanble a ak Prezidan Tanporè Sena a), de pa Egzekitif Konte Nassau a, de pa majorite Lejislati Konte Nassau a, epi youn pa minorite a.
- Gouvènè a pral deziyen Prezidan Konsèy la.
- Egzekitif Konte Nassau a p ap gen otorite apwobasyon sou PDG NHCC a ankò.
- Otorite Finans Pwovizwa Nassau (Nassau Interim Finance Authority, NIFA) pral gen yon siveyans ranfòse, ki gen ladan pouvwa pou apwouve kontra NHCC ki depase 1 milyon dola epi, anba sèten kondisyon, otorite a pral deklare yon peryòd kontwòl sou NHCC a.
- NHCC oblije fè epi soumèt yon etid anvan 1e desanm 2026, pou eksplore opsyon pou ranfòse NUMC a.

De lòt nominasyon Gouvènè Hochul yo, youn rekòmande pa Prezidan Asanble a ak youn pa Prezidan Tanporè Sena a, pral anonse an kowòdinasyon ak lidè lejislatif yo. Yon fwa nominasyon yo pran antre an vigè 1e jen, yo prevwa nouvo konsèy la ap òganize yon reyinyon espesyal pou mete NHCC sou yon chemen estabilite.

Moun Gouvènè Hochul nonmen nan Konsèy Administrasyon NHCC a:

Stuart Rabinowitz, Esq. (Prezidan)
Stuart Rabinowitz se Avoka Senior nan Meltzer, Lippe, Goldstein & Breitstone, LLP, kote li konsantre sou litij eta ak federal, dwa konstitisyonèl, dwa sivil, ak dwa edikasyon. Li te sèvi pandan plis pase 20 ane kòm Prezidan Inivèsite Hofstra, kote li te elaji anprent akademik enstitisyon an anpil, tankou kreyasyon yon fakilte medikal, epi li te ogmante pwofil nasyonal li lè li te òganize twa deba prezidansyèl Ameriken. Yon ansyen pwofesè dwa konstitisyonèl ak lidè politik yo rekonèt nasyonalman, li gen yon J.D., avèk distenksyon (magna cum laude), nan Columbia Law School epi li se yon manm Phi Beta Kappa. Plizyè deseni eksperyans li nan dirije gwo enstitisyon k ap sèvi piblik fè li kalifye yon fason inik pou ede gide revitalizasyon NUMC a.

Amy Flores
Amy Flores se yon egzekitif ki gen eksperyans ak plis pase 15 ane eksperyans nan sèvis finansye, administrasyon piblik ak devlopman ekonomik. Kounye a, li ap travay kòm Manadjè Kominotè nan JPMorgan Chase, kote li dirije inisyativ ki konsantre antyèman sou kolaborasyon avèk lidè lokal yo nan tout sektè yo pou konprann epi adrese defi kominotè yo. Anvan sa, li te sèvi kòm Direktris Egzekitif Biwo Zafè Ispanik (Office of Hispanic Affairs) Konte Nassau epi li te okipe gwo wòl nan bank. Amy sèvi nan konsèy administrasyon CARECEN ak Círculo de la Hispanidad epi City & State ak Long Island Business News rekonèt li kòm youn nan lidè sivik ki gen plis enfliyans nan Long Island. Amy gen yon Lisans nan Administrasyon Biznis (Bachelor of Business

Administration, BBA) nan Inivèsite Hofstra ak yon Sètifika Achèvman avèk Onè nan pwogram Etid Parajiridik akredite pa ABA nan Inivèsite Hofstra.

Dean Mihaltses, RPh, BPS, MPA
Dean Mihaltses se yon ansyen ekzekitif nan swen sante ak yon famasyen ki gen lisans ki gen plis pase 40 ane eksperyans nan operasyon lopital, politik sante piblik, ak sèvis famasi klinik. Dènyèman, li te sèvi kòm PDG ak COO pwovizwa nan NYC Health + Hospitals/Queens, kote li te jere operasyon lopital la, preparasyon pou ijans ak inisyativ estratejik nan youn nan lopital piblik ki pi okipe nan vil la. Wòl li te genyen anvan yo te gen ladan Direktè Sèvis Famasi nan lopital Jacobi & Elmhurst ak konsiltan swen sante pou etablisman swen enfimyè kalifye ak etablisman pou andikap devlòpmantal. Li se yon manm plizyè asosyasyon pwofesyonèl nasyonal epi li kontinye konseye pwofesyonèl sante nan alavni.

Lisa Warren
Lisa Warren se Prezidan Placid, LLC, yon kabinè envestisman ak jesyon byen imobilye ki baze nan Long Island, epi yon lidè sivik ki gen yon dosye lidèchip ak angajman devwe, tankou kòm yon Komisè nan Komisyon Planifikasyon Konte Nassau a. Avèk plis pase 30 ane eksperyans nan biznis ak filantropi, li sipòte devlopman jèn yo, edikasyon ak atizay nan tout Konte Nassau. Li patikilyèman aktif nan elaji aksè ak espò pou jèn yo epi li sèvi nan konsèy administrasyon Mize Timoun Long Island ak Òki sou Glas nan Harlem. Li gen diplòm nan Inivèsite Hofstra ak Duke epi yon diplòm nan Enstiti Kilinè Fransè a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU